# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**2021-жыл "Жасларды қоллап-қуўатлаў ҳәм халықтың саламатлығын беккемлеў жылы"на бағышлап спорттың гандбол түри бойынша 2005-2006-жылларда туўылған жас өспиримлер ҳәм қызлар арасында Өзбекстан "Ёшлик" дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими биринщилигин өткериў ҳаққында"**

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 3-июньдағы «Дене тәрбия ҳәм ғалабалық спортты жәнеде раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-3031-санлы қарарының орынланыўын тәмийинлеў ҳәмде жәмийетимизде саламат турмыс тәризин қәлиплестириў, жас әўладты дене тәрбия ғалабалық спорт пенен турақлы шуғылланыўлары ушын кеңирек тартыў мақсетинде ҳәм Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлиминиң 2021-жылғы жыллық ис режесин басшылыққа алып

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлиминиң 2021-жылғы жыллық ис режесин басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары (Б.Байниязов)на:

- улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары арысында спорттың гандбол түри бойынша Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлиминиң биринщилиги спорт жарыслары, усы жылдың 24-февраль күни Республикалық ойын түрлери ҳәм жеңил атлетика бойынша қәнигелестирилген Балалар ҳәм өспиримлер спорт мектебинде (ер балалар), Нөкис қалалық 1-санлы Жас өспиримлер спорт мектебинде Манеж (қыз балалар) арасында жоқары дәрежеде шөлкемлесkenлик пенен өткериў;
- жарыста жеңимпаз болған спортшыларды сыйлықлаў мақсетинде I, II, III дәрежели диплом ҳәмде қымбат баҳалы саўғалар менен тәмийинлеў;
- жарысқа барлық район (қала)лардан спортшыларды толық қатнастырыў;
- жарыстың өткерилиў барысын ғалаба хабар қураллары арқалы кең жәмийетшиликке жарытыў ўазыйпалары тапсырылсын.

3. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықларына:

- жарысқа қатнасыўшы спортшыларды бир түрдеги спорт кийимлери менен тәмийинлеў ҳәм жарысқа спортшы оқыўшыларды өз ўақтында толық қатнастырыў;
- жарысқа барып қайтыўда ҳәм жарыс даўамында спортшы-оқыўшылардың денсаўлығын, қәўипсизлигин ҳәм жәмәәтлик тәртипти сақлаўды тәмийинлеў бойынша тийисли илажлар көриў;
- жарысқа қатнасыўшы спортшылардың жол кирейи ҳәм аўқатланыўлары ушын жумсалатуғын барлық сапар қәрежетлери менен өз ўақтында тәмийинлеп бериў ўазыйпасы тапсырылсын.

4. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалап барыўды өзимде қалдыраман.

**Тийкары:** Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлиминиң 2021-жыл жыллық ис режеси.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл «09» Февраль
№ 36

«ТАСТЫЙЫҚЛАЙМАН»
Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министри
_______________ Р.Реимов
«____»______________2021-жыл

«КЕЛИСИЛДИ»
Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары
_______________ Б.Байниязов
«____»______________2021-жыл

«КЕЛИСИЛДИ»
Өзбекстан Гандбол Федерациясы
Қарақалпақстан бөлими атқарыўшы директоры _______________ Б.Прниязов
«_9_»______________2021ж

«КЕЛИСИЛДИ»
Өзбекстан Республикасы Миллий гвардиясы
«Динамо» ДТСЖ Қарақалпақстан Республикасы Кеңеси баслығы орынбасары
_______________ Д.Сейтов
«_9_»______________2021-жыл

**2021-жыл «Жасларды қоллап-қуўатлаў ҳәм халықтың саламатлығын беккемлеў жылы»на бағышлап, спорттың Гандбол түри бойынша 2005-2006 жыллары туўылған жас өспиримлер ҳәм қызлар арасында Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими биринншилигин өткериў**

# РЕЖЕСИ

## 1. ЖАРЫСТЫҢ МАҚСЕТИ ҲӘМ ЎАЗЫЙПАЛАРЫ

-улыўма орта билим бериў мектеп оқыўшылары арасында спорттың гандбол түриниң ғалабалығын асырыў ҳәм раўажландырыў;

-оқыўшы-жасларды дене тәрбия ҳәм спортқа жәнеде кеңирек тартыў;

-оқыўшы-жаслардың бос ўақытларын мазмунлы өткериў;

-спорттың гандбол түри бойынша Қарақалпақстан Республикасы жеңимпазларын анықлаў.

-гандбол спорт түрин үгит-нәсиятлаў, жаслардың ден-саўлығын беккемлеў, тәртипли етип тәрбиялаў ҳәм наркомания терроризм сыяқлы зыянлы иллетлерден асыраў.

## 2. ЖАРЫСТЫ ӨТКЕРИЎ ЎАҚТЫ ҲӘМ ОРНЫ

Жарыс, 2021-жыл 24-февраль күни жас өспиримлер ҳәм қызлар арасында Республикалық ойын түрлери ҳәм жеңил атлетика бойынша қәнигелестирилген Балалар ҳәм өспиримлер спорт мектебинде (ер балалар), Нөкиc қалалық 1-санлы Жас өспиримлер спорт мектебинде Манеж (қыз балалар) болып өтеди. Жарысқа келиў ўақты ҳәм мандат комиссиясы, 2021-жыл 24-февраль күни саат $08^{00}$-$09^{00}$ аралығында өткериледи. Жарыс саат $10^{00}$ да басланады.

## 3. ЖАРЫСТЫ БАСҚАРЫЎ ҚАҒЫЙДАСЫ ҲӘМ ҚАТНАСЫЎШЫЛАРЫ

Спорт жарысы халықаралық гандбол федерациясы қағыйдаларына муўапық олимпия системасында өткериледи. Жарыс 2005-2006 жыллары туўылған жас өспиримлер ҳәм қызлар арасында өткериледи. Жарысқа спорт мектеплери, Нөкис қәнигелестирилген Олимпия резервлери мектеп-интернатларында шуғылланыўшы спортшылар қатнасыўы кадаған етиледи. Жарыс қатнасыўшыларында *(туўылғанлығы ҳаққында гүўалық, оқыў орнынан сүўрети менен мектеп директоры тәрепинен тастыйықланған талапнама)* медициналық көриктен өткерилген ҳәм шыпакер тәрепинен тастыйықланған талапнамалары болыўы шәрт.

**Бас төреши:** **Бухарбай Прниязов**
**10 ер бала, 10 қыз бала, 2 трепер, жәми 22 қатнасыўшы**

**Еслетпе:** ***Жарыс ўақтында спортшылардың тәртип-интизамына, қағыйдасына муўапық кийиниўине ҳәм олардың гигиена талапларына сай болыўына спортшыны талапнамаға киритken шөлкем ямаса тренер жуўапкер. Жарысты өткериў ушын төрешилер меенен тәмийинлеў Өзбекстан Гандбол Федерациясы Қарақалпақстан бөлими тәрепинен тәмийинленеди.***

## 4. САРЫПЛАНАТУҒЫН ҚӘРЕЖЕТЛЕР

Жарысты шөлкемлестириў, қатнасыўшыларды ҳәм жеңимпазларды сыйлықлаў қәрежетлери Өзбекстан «Ёшлик» дене тәрбия ҳәм спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими тәрепинен таярланған I, II, III дәрежели диплом ҳәмде қымбат баҳалы саўғалар менен сыйлықланады.

**Қалған барлық хызмет сапары қәрежетлери жибериўши мәкемелер есабынан қапланады.**

***Мағлыўмат ушын телефонлар:*** ***(97) 788-37-77, (90)734-56-65***